**БисмиллахIиррохьманиррохьим**

**Матто беш болу бохамаш**

**Дешхьалхе**

Хастам бу АллахIна. Цунна хастам бо вай, Цуьнгара гIо а лоху вай, Цуьнга гечдар а доьху вай. АллахIца вай ларло вайн догIмийн вуочу гIиллакхех, вай еш йолчу вуочу Iамалех а. АллахIа ша нисвинарг тило да ма вац, Цо тилийнарг нисван да ма вац. Ас тоьшалла до, АллахI воцург кхин Дела вац аьлла, - Ша Цхьаъ волу, Шеца накъост а воцуш. Ас юха а тоьшалла до, Мухьаммад Цуьнан лай, Цуьнан Элча а ву аьлла.
**– «ХIай ийман диллинарш, АллахIах кхералаш, Цунах кхера ма-деззара, шу дала а ма лойла, шаьш бусалба долуш а бен».** *«Алу Iимран», 102.*
**– «ХIай ийман диллинарш, АллахIах кхералаш, аш нийса долу дош алалаш, Цо шун Iамалш тойийр ю, шун къиношна гечдийр а ду. АллахIна а, Цуьнан Элчанна а муьтIахь хилларг, баккъалла а, декъал хиларца боккха толам баьккхинарг ву».** *«Аль-Ахьзаб», 70-71.*

Баккъалла а, къамелах нийса дерг – Сийлахьчу АллахIан Къуръан ду, некъех нийса берг – Мухьаммад-пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) некъ бу. Хьекъал долчунна къайлах ма дац, дегIан меженашна юккъехь мотт – коьрта меже хилар, цо деш долу къамел бахьана долуш стаг ялсамане я жоьжахате воьду дела. Дала лардойла вай жоьжахатин цIерах. Иблис (ша аьлла Iеса дош бахьанехь) Делан неIалтана кIел дахаро, Адам-пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), ша аьлла нийса дош бахьанехь, дакъазваларх хьалхаваларо а гойту вайна, мотт ларбар бусалба стеган коьрта Iалашо хилар. Матто беш болу бохам боккха хилар вайна хоуьйтуш, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Баккъалла а, стага АллахI оьгIазвохуьйтуш дош олу, и бахьанехь ша малхбалена а, малхбузена а юккъехь йолчу меттигал генарчу жоьжахате чу вужуш».** Жоьжахатих хьалхадахахьа тхо, хIай тхан Дела! Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), шен мотт схьа а лаьцна, элира: **«ХIара хьайгахь сацабе».** ТIаккха МуIаза (Дела реза хуьлда цунна) цуьнга хьаттира: **«Оха деш долу къамел бахьана долуш Iазап хир ду тхуна?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Шайн яххьаш тIехь текхош, нах жоьжахатин цIерга кхуьссур буй, церан меттанаша бина бохам бахьана долуш а бен?!»**

АллахІе вайх къинхетам бар, вайна гечдар а, хьехаме ла а доьгІна, нийса долчунна тІаьхьадаьзначарех Цо вай дар а доьху ас.

АллахІа гечдаре сатуьйсуш волу
Солихьан кІант Абу Хьузайфа Іамр

**Мотт сацабаран дозалла**

Матто деш долу къинош дуккха а, бес-бесара а ду. Мотт лебарехь марзо а ю, шен дегІан гІиллакх гучудаккхар а ду. Цо беш болчу бохамах хьалхавер вац и мотт сацабарца а бен. Вай дуьйцур ду, Дала мукъалахь, мотт сацабаран дозаллех, матто беш болчу бохамех лаьцна а.

**Хьо хууш хилалахь**, мотт сацабаро дегІана гІора а ло, коьртера ойла цІан а йо. Абу Дардáа (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Ахь нийсо е хьайн лергашна, маттана а юккъехь, баккъалла а, хьуна ши лерг, цхьа мотт а белла, айхьа дуьйцучул алсам хьо ладугІуш хилийта».**

Хьусайнан кІанта Мухаллада (Дела реза хуьлда цунна) аьлла**: «Со тІаьхьа бехказавала везар волу дош ас алаза шовзткъе итт шо хан ю»**.

ХІокху балхо гойту, диканиг дуьйцуш дацахь, мотт сацабар а, кІезиг къамел дар а деза хилар. Шен дашехь бакъволчу Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«АллахІах а, къемат-дийнах а тешаш волчо диканиг олийла, я шен мотт сацабойла».** *Бухари.*

Оццу хьокъехь юха а Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Ма йоккха декъалалла ю шен даьхних совдаьлларг сагІина дІаделлачунна, вуон дош аларх шен мотт ларбинчунна а».** *ТІабарани.*

Хьомсара сан ваша, кІезиг къамел дар – ира кхетам, кІорггера хьекъал а хиларх ду. Вардан кІанта ВухІайба (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Кхетамах итт дакъа дича, царех исс дакъа – мотт сацабарехь ду, цхьа дакъа – нахана юкъара дІаваларехь ду».** *Абу НуІайм.*

Мубáракан кІанта Іабдуллáхіа (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: ***«Нахана юкъара дІавалар,*** **– бохучу дешан Іеламнаха маьІна дина: нахана юккъехь хьо волуш, уьш АллахІ хьехо буьйлабелча, цаьрца АллахІ хьахаве ахь. Амма уьш кхидолу хІуманаш хьехо буьйлабелча, хьайн мотт сацабе ахь».** *Ибн Аби Дунья.*

АвзáІи́ бохучу Іеламстага элира, Іабдуль-Іази́зан кІанта Іумара кехат яздира тхоьга, аса а, Макхьýла а бен иза лардеш доцуш. Оцу тІехь яздина дара: **«Валар хьехор алсам деш верг – дуьненан даьхних кІезиг долчунна а**

**реза хир ву. Ша деш долу къамел шен Іамалех лоруш верг – шена пайдехь доцу къамел дуьтуш хир ву».** *Ахьмад.*

Вардан кІанта ВухІайба (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Стага шен мотт сацийча, цуьнан синкхетам алсамболу».** *Абу НуІайм.*

Іаййáшан кІанта Абу Бакра аьлла: **«Мотт сацабаро бечу пайданех уггар лахарниг – маршо ю, иза дахар ирсе новкъахь хилийта кхачаме а ю. Мотт лебаро бечу бохамех уггар лахарниг – гІаравалар ду, иза хьуна бала хиларна кхачаме а ду».** *Абу НуІайм.*

АІмаша дийцина, Шакъи́къа (Дала къинхетам бойла цунах) ибн МасІудах (Дела реза хуьлда цунна) лаьцна дийцина, аьлла: **«Софа бохучу лома тІехь лаббайка йоьшуш вара иза, ша ала а олуш: «ХІай сан мотт, диканиг ала ахь, са ер ю хьуна, хьо дохко балале хьалха тап-аьлла саца хьо, маьрша хир бу хьо»**. Наха хаьттира: **«ХІай Іабдуррохьманан да, ахь хьайгара боху иза, я хьуна олуш хезна иза?»** Цо элира, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Баккъалла а, А́даман бераша летош долчу къинойх дукхахдерш – матто летош хир ду».** *ХІайсами.*

Ибн МасІуда (Дела реза хуьлда цунна) юха а элира: **«Ша воцург кхин Дела воцчух** (АллахІах) **дуй ма буу ас, лаьтта тІехь еххачу заманахь набахтехь латто дезаш хІума ма дац, маттал чІогІа».** *ХІайсами.*

### Жоьжахати чу вуьгуш долчух шен мотт ларбар

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлда цунна) элира: **«Делан Элчане** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **хаьттинера, дукхахдолчу хьолехь нах ялсамане бохуьйтур болу хІума хІун ду, аьлла. Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **жоп делира: «Делах кхерар а, хаза гІиллакх а ду». Цуьнга хаьттира, дукхахдолчу хьолехь нах жоьжахате бохуьйтур болу хІума хІун ду, аьлла. Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **жоп делира: «Ши меже ю: бага а, бехке меттиг а».** *Тирмизи.*

СаІдан кІанта СахІла (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шен шина салазна юккъерниг** (мотт), **шина кога юккъерниг** (бехке меттиг) **ларъян тІелаьцначунна, ас тІелоцу, цунна ялсамани хир ю, аьлла».** *Бухари.*
Іеса хІума дита а дуьтуш, шена тІедиллина долу хІума кхочуш а деш, и вай йийцина меженаш ларийнарг ву Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен хьадисехь хьахийнарг. Оцу хьадисо хоуьйту иштта,

дуьнен чохь адамана уггар а боккха бала бийриг – цуьнан мотт, бехке меттиг а хилар. Цаьршинан вуонах ларвелларг доккхачу вуонах ларвелла.

Джубайран кIанта СаIи́да (Дала къинхетам бойла цунах) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Адаман бер Iуьйренга даьлча, цуьнан ерриг а меженаш матте дехар деш хуьлу, шаьш олуш: «АллахIах кхералахь тхан хьокхехь, тхо хьох тешна ю хьуна, хьо нисбелча, тхо а нисло, хьо гамбелча, тхо а гамло».** *Тирмизи.*

ХаттIа́бан кIант Iумар тIекхечира Абу Бакр Сыдди́къана (Дела реза хуьлда цаьршинна), иза шен мотт арабаьккхина Iаш а волуш. Цо цуьнга хаьттира: **«Хьо хIун деш ву, хIай Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **халиф?» -** аьлла. **Абу Бакра** (Дела реза хуьлда цунна) **элира: «Баккъалла а, хIара мотт бахьанехь ду суна тIе мел деанарг. Баккъалла а, Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **аьлла: «ДегIа тIехь цхьа а меже ма яц, АллахIе хIораммо ша-ша мотт балхош а бен».** *ХIайсами.*

МугIи́ратан кIанта Сулаймана элира, Iубайдан кIанта Юнуса олуш хезира шена, аьлла: **«Нахана юккъехь шен мотт оьзда болчун – кхийолу Iамалш а дика гур ю хьуна».** *Ибн Аби Дунья.*

Iубайдан кIентан Юнусан къамелах ду: **«Стагехь ши болх мегаш хилча, цуьнан берриг а белхаш мегаш хуьлу: цуьнан ламаз, цуьнан мотт а».** *Ибн Аби Дуьнья.*

Сан хьомсара ваша, мотт сацабар дика а ду, мотт сацабарехь маршо а ю хьуна. Вайна ма-гарра, и дика нах меттан вуонах кхоьруш хилла, акхаройх, хьайбанех а вай кхоьруш хиларе терра.

### Совнах къамел дар, доьхна хабар дийцар а цамагадар

**Хьо хууш хилалахь**, кхузахь вай дуьйцур дерг лакхахь вай дийцинчух къаьсташ хир дуй. Оцу сийсаза долчу гIиллакхах лаьцна (ша адам жоьжахати чу дуьгуш долчу) хIара сийлахь хьадис даладо оха хьуна, Хьа́рисан кIанта Билала (Дела реза хуьлда цунна) далийна долу. Цо дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, стага АллахI реза волу дош олу, цуьнан барам оццул хир бу ца моьттуш; АллахI а цунна и дош бахьанехь Ша реза хиларан мел а язбо, иза Шена дуьхьалкхетталц** (и валлалц). **Баккъалла а, стага АллахI оьгIаз воьду дош олу, цуьнан барам оццул хир бу а ца моьттуш; АллахIа цунна и дош бахьанехь Ша оьгIазвахаран къа яздо, къемат-де тIекхаччалц».**
Ваккъа́сан кIанта Iалкъамата (Дала къинхетам бойла цунах) олуш хилла**:**

**«Хьарисан кӀанта Билала** (Дела реза хуьлда цунна) **дийцинчу хьадисо ма дуккха а къамелах вухатоьхна со».** *Тирмизи.*

Дуккха къамел даро доьхна хӀума дийцарна тӀевуьгу. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) къамел дахдора дикачу хӀуманан хьокъехь, АллахӀ хьахорехь, доӀа дарехь. Ша забар еш а, бакъдерг бен олуш вацара иза. ХӀинца цхьаболчу наха дийриг деш вацара иза, шайна улло нах гулбархьама, уьш белабархьама пуьташ буттуш, тӀаккха АллахӀна Ӏеса а хуьлуш. АллахӀа лардойла вай оцу балхах.

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, стага шен накъостийн самукъадоккхуш дош олу, и бахьанехь иза стиглара седанал** (АллахӀна) **гена а волуш».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, ша олучун ойла ца еш** (вуон) **дош олу стага, и бахьанехь жоьжахати чу ша кхуссуш. Ша олучун ойла ца еш** (дика) **дош олу стага, и бахьанехь АллахӀа иза ялсамани чу а вохуьйтуш».** *Бухари.*

Хьажал хьо, сан хьоме ваша, муха дош аьлла хӀокху адамо, ша олучун бала а боцуш, цуьнан ойла а ца еш, амма и бахьана долуш жоьжахати чу воьдуш, ша къа латийна дела. Цо олуш долчун хьокъехь ахь цуьнга бехк баьккхича, мунепакъо олуш дерг олу цо: **«Баккъалла а, забарш еш, ловзуш дара тхо».** Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цуьнан багара дош ма ца долу, Ракъи́б** (Ӏамалш ларъеш долу малик), **Ӏати́д** (цуьнца даима хуьлуш долу малик) **цунна уллохь долуш а бен».** *«Къаф», 18.* КӀезиг делахь а, я дуккха делахь а башхалла йоцуш, къемат-дийнахь АллахӀна хьалха шаьш хӀиттича, адамаша жоп дала дезаш ду шаьш аьллачух. Цхьаболу нах бист ца хуьлуш, вовшашка бӀаьргаш теӀош хуьлу, цхьанна тӀе пӀелгаш а хьежош, шаьш лелош дерг хӀун ду а ца хоуьйтуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Царна шаьш лелош дерг кӀеззиг хӀума ду моьтту, амма иза АллахӀан гергахь доккха** (къа) **ду».**

ӀабдуллахӀан кӀанта МутӀоррифа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, шен дас дийцира, аьлла: «Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) волчу веара со Бани Ӏамир олучу тайпанан тобанца, цара элира цуьнга: **«Хьо тхан да, тхан эла, тхол массарел везаниг, ницкъ болуш верг, тхуна кхача латтош верг а ву»**. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира цаьрга: **«Шайн даг чохь дерг схьаала аш, шайтӀано шайна дагатуьйсуш долчуьнца Ӏеха а ма ло шу».** *Ахьмад.* Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хастош аьлла хилла цара и дешнаш. ТӀаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цаьрга аьлла, шайтӀано дахкийтинчу геланчех тар ма ло шу, цуьнан матта тӀехула дистхуьлуш;

моттаргIанаш а ца лелош, шайна ала лууш дерг схьаала. Даржехь волу стаг барамал тIех вазвеш, хастош а къамел дан охьахуу цкъацца цхьаволу стаг, вайх дуьсур долчу дуьненан дуьхьа цуьнгахь доцчу хIуманашцца хьахаво цо иза. Хьовсал тIаккха, ша хасто хьакъ волчу Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) оцу нахе моттаргIанаш лелаяр ца магош, аьлларг. Дош олуш волчунна, ладугIуш волчунна а цуьнгахь боккха кхерам болу дела аьлла цо иза.

Ибн МасIуда (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Къемат-дийнахь уггар дукха къинош долуш берш – доьхна хабарш дукха дийцинарш хир бу».**

Имам ГIазалис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Доьхначу хабарех ду – зударийн куьцаш дийцар, къаьркъа молу пхьоьханаш, Далла Iеса хуьлу меттигаш йийцар а, нахана халахетар деш забарш яр а».** *ТIабарани.*

Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) заманахь цхьаболчу наха бусалба нехан нана йолчу Iаишатан (Дела реза хуьлда цунна) сий дойуш, цунна тIехь доцург кхоьллинчу хенахь, Веза-Сийлахьчу АллахIа Шен Сийлахьчу Къуръана чохь уьш бехкебар, царна догIуш долу таIзар билгалдар а кхачаме дара вайна. Царех вара Убаййан кIант IабдуллахI. Оцу мунепакъо аьлла дош схьа а лаьцна, зударий хьехош доьхна хабарш дийцира цара. И вай дийцинарг боккха тергам, хьехам а бу, нехан сий дойуш долу хабар дийца хазделла мел волчунна, башхалла яц, цо долуш дерг дийцахь я доцург кхоллахь а. АллахIна гергахь и ший а сийсаза ду, Къуръано шена тIехь тоьшалла дина а ду.

Iелас (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Адамийн мотт – дика, вуон а яздечу маликан къолам бу, цуьнан туй – шекъа ду».** *Ибн Аби Дунья.*

Iелин кIанта Хьасана (Дела реза хуьлда цаьршинна) аьлла: **«Даьхни дукха долчун – къинош дукха хир ду, къамел дукха деш волчун – пуьташ дукха хир бу, гIиллакх вуон долчун – Iазап чIогIа хир ду».**

Сукъа́тан кIанта Мухьаммада аьлла: **«Суна пайден хилла, шуна а пайден хила там болу дийцар дуьйцур ду ас шуна. Абу Роба́хьан кIанта IатIо́а элира соьга: «ХIай сан вешин кIант, шул хьалха хилларш совнаха къамел дар дезаш бацара. Къуръан дешар, диканиг де алар, вуониг ма де алар, шайн дахарехь хьашташ кхочушдеш вистхилар доцург а совнахчу къамелах лорура цара. Аш харц до иза?»** Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шуна тIехIиттина** (шун Iамалш ларъеш) **маликаш ду, сийлахь долуш, шаьш** (дика, вуон а) **яздеш долуш».** *«Аль-ИнфитIор», 10-11.* **«Цунна аьтту, аьрру агIор охьахиъна ши малик ду. Цуьнан багара дош ма ца долу, Ракъи́б** (Iамалш ларъеш долу малик), **Iати́д** (цуьнца даима хуьлуш долу малик) **цунна уллохь долуш а бен».** *«Къаф», 17-18.* Шуна эхь хетар дац,

Іамалийн тептар шайна хьалха дІадиллича, оцу чохь дукхахдерг шуна динехь, я дуьненахь оьшуш доцург карийча?!

Хьасана (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«ХІай Адаман бер, хьуна Іамалийн тептар делла, хьан Іамалш дІаязъян сийлахь долу ши малик а тІехІоттийна хьуна, хьайна луург совйоккхур я эшор ю-кх ахь».**

ИбрахІи́м Таймийю (Дала къинхетам бойла цунах) бохучу Іеламстага аьлла: **«Ийман диллинчо шена вистхила дагадеъча, ладугІуш ойла йо, ша вистхилар шена дика делахь – вистхуьлу иза, дика дацахь – соцу иза. Іесачу стеган мотт даима луьйш хуьлу».**

Хайсаман кІанта РабиІас (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«ХІокху исс хІуманца бен къамел дар дика дац: Ла́ ила́хІа иллалло́хІ; Алло́хІу Акбар; субхьа́налло́хІ; альхьамду лилла́хІ; дикачу балхах лаьцна хаттар дар; вуон долчух ларваларх лаьцна хаттар дар; диканиг де алар; вуониг ма де алар; Къуръан дешар».** *Абу НуІайм.*

Совнаха къамел цамагош долу хІара дакъа дерзадо ас, суна Делан дуьхьа везаш волу сан ваша, Абу СаІи́да (Дала къинхетам бойла цунах) цхьана стага шега весет де, аьлла, дехар дича, динчу весетаца. Абу СаІи́да (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Хьайн мотт сацабелахь, бакъдерг ала гІерташ хьо вацахь, оцу балхаца шайтІанна тІехь толам боккхур бу ахь».**

## Шен гІуллакх доцург дийцар

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Къонахчун дин хаза хиларх ду, цо шен бала боцург дитар».** *Тирмизи.*

Ибн Ражаб (Дала къинхетам бойла цунах) бохучу Іеламстага аьлла: **«Шен гІуллакх доцу хІума стага дитар, дош аларехь, болх барехь шех хьакхалуш долчунна тІехь и сацар, цуьнан дин хаза хиларх ду».** Дин хаза хиларо дерриг а гІуллакх доцу хІуманаш дитар тІедожадо, хьарам дерш, къасто хала дерш, шега бехк боккхуш дерш, шена оьшучу барамал сов долу хьанала хІуманаш а. Уьш дерриг а бусалба стеган гІуллакх доцу хІуманаш ду, цуьнан дин кхоччуш дуьззина хилча.

Асламан кІанта Зайда дийцина, Абу Дужа́натан кІант Іела волчу вахара ша, иза валаран цамгар кхетта а волуш, цо шега элира, аьлла: **«Шина Іамалх санна ас сайн дог тешийна Іамал яц: сайн бала боцу къамел дина дац ас; бусалба нахаца дог цІена а хилла со».**

Мужа́хІида дийцина, Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) олуш хезира шена, аьлла: **«Пхи совгІат ду, хахка кечбинчу Іаьржачу динал дика долуш: хьайн бала боцург ма дийца ахь, хьуна са йолуш ду иза, къа**

**латор а дац ахь. Хьайн гӀуллакх доцчохь вист ма хила хьо, хьо вистхила веза меттиг йогӀур ю хьуна, ма хийла стага ша дан деза къамел шен йоцчу меттехь до, тӀаккха цунна бехк буьллуш. Хьекъал долчуьнца, я сонта волчуьнца а дов ма де ахь, хьекъал долчунна кӀеззиг хетар ву хьо, сонта волчо халахетар дийр ду хьуна. Хьайна генахь волу ваша хьахаве ахь, цо хьо хьахош хьайна дезар долчу хӀуманца, иза маьрша а вита ахь, хьой цо маьрша вита лууш долчу хӀуманах. Дика Ӏамал ярехь ме́ла хилар, къинош дарехь Ӏазап хилар а хууш волчу къонахчо еш йолу Ӏамал е ахь».**

Лукъма́нуль-Хьаки́ме хаьттина хилла, хьан ирачу кхетаман бух хӀун бу, аьлла. Цо жоп делла: **«Сайна кхачам беш дерг ца доьху ас, сайн гӀуллакх доцург тӀе а ца лоцу ас».** *Ахьмад.*

Къайсан кӀанта Ӏамра дийцина, Лукъманна уллохь нах болуш, цхьана стага цуьнга хаьттира, аьлла: **«Цхьана хьенехан кӀентан лай вацара хьо?»** Лукъмана жоп делира**: «Вара со», -** аьлла. Оцу стага юха а хаьттира: **«Цхьа хӀуьнехдинчу лома уллохь жа дажош вацара хьо?»** Лукъмана жоп делира: **«Вара со», -** аьлла. Оцу стага хаьттира тӀаккха: **«ХӀун ду хӀокху дарже хьо кхачийнарг?»** Лукъмана элира: **«Бакъдерг дийцар, сайн гӀуллакх доцчохь мотт сацабар а ду».** *Имам ТӀабари.*

Абу ХӀиндан кӀанта Давуда дийцина, МуӀа́вията (Дела реза хуьлда цунна) цхьана стаге хаьттина хилла, аьлла: **«Хьайн хьекъалх ахь пайда оьцург хӀун ду?»** Оцу стага жоп делла: **«Сайн гӀуллакх доцчу хӀуманца сан бала цакхачар ду».**

Зия́дан кӀанта МуӀаллас дийцина, Муваррикъул-Ӏажалийю бохучу Ӏеламстага элира, аьлла: **«Итт шо хан ю цхьана балхана тӀехь сан ницкъ ца кхочуш, амма ас оцу тӀехь къахьегар дуьтур доцуш».** Цара хаьттира: **«ХӀун ду иза, хӀай МуӀтамиран да?»** Цо жоп делира: **«Сайн гӀуллакх доцчу меттехь со вист цахилар ду».** *Ахьмад.*

ШумайтӀул-Ӏансийю бохучу Ӏеламстага аьлла: **«Шех Ӏотталуш дерг лардеш волчо шен гӀуллакх доцург дита герга ду».**

ХаттӀабан кӀанта Ӏумара (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Хьайн гӀуллакх доцчу метте ма гӀерта хьо, хьайн мостагӀчух генавала хьо. Тешам боцчу къомах доттагӀ лацарх ларло хьо, Веза-Сийлахьчу АллахӀах кхоьруш верг бен тешаме вац хьуна. Ӏесачу стагана накъост ма хила хьо, цуо Ӏеса мел долу хӀума Ӏамор ду хьуна; хьайн къайленаш ма йийца цунна. Хьайн балхехь АллахӀах кхоьруш болчарех дагавала хьо».** *Абу НуӀайм.*

Абу ДжаӀфара (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Шегара ледарлонаш ца гуш, нехан ледарлонашка хьежар, гӀуллакх доцуш шен накъостана халахетар дар а – доккха сакхт ду».**

## Девнаш даран сийсазалла

Хьо хууш хилалахь, АллахIа хьайх къинхетам барг, девнаш дар нахана юккъе мостагIалла тосуш, церан оьгIазло карзахйоккхуш долчу бахьанех цхьаъ дуй. Цо нахана юкъахь хьагI лелаяр, вовшийн сий дайар а гучудоккху. Вай цуьнан билгалдар дIадолор ду «Ихьъяъ» жайна гулдинчу Имам ГIазалин (Дала къинхетам бойла цунах) дешнашца. Цо аьлла: **«Доьхначу хIуманан дакъош дуккха а ду»**. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, стага ойла ца еш дош олу, и бахьанехь малхбалена, малхбузена а юккъехь йолчу меттигал гена жоьжахати чу ша воьдуш».** *Бухари, Муслим.*

Имам ГIазалис (Дала къинхетам бойла цунах) оцу хьокъехь аьлла: **«Иштта оцу хьадисехь хьахийнчух терра ду дов дар, къийсавалар а. Иза къар ца луш цхьанна тIеверзар ду, цуьнан гIалатвалар билгалдан, иза кхетон а. Оцу балхана тIевуьгуш долу хIума – куралла ю. Адамана там болуш ду оьзда доцчу дешнашна инкарло яр, нийса дерг довзийтар а. Цо аьлларг къобалдахь – и дика ду, нагахь къобал ца дахь – къийсавалар дуьтур ду. ХIара некъ бу, и къовсам динан хьокъехь белахь, амма и къовсам дуьненан белхан хьокъехь белахь, цигахь дов дан цхьа а некъ ца хуьлу».**

Девнаш дарца йолчу цамгарна дарба – нахах цавашарна ша тIевуьгуш йолу куралла а, дозалла а дитар ду. Девнал чIогIа лоруш ду мостагIалла леладар, цуьнгахь бохам алсам болу дела. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Уггар а АллахIна цабезнарш – къар ца луш** (харцонца), **дов деш берш бу».** *Бухари.*

Оцу хьадисо дуьйцург – харцонца, я шена хууш доцчу хIуманна тIехь къийсавалар ду. Амма бакъон тIехь волчунна а къийсам битар гIоли ду, иза кийра макхо тосуш, оьгIазло карзахйоккхуш, хьагI-бода совбоккхуш, адамийн сий дайарна тIевуьгуш болх болу дела.

**Сан вежарий!** Къийсаваларх схьаболу пайда а, девнаш дича хуьлуш йолу дакъазло а иза ю-кх. Веза-Сийлахьчу АллахIах ца кхоьру вай, и вуон Iадаташ (куралла а, шен дош толо лаар а) бахьанехь жоьжахатин цIерца Iазап хиларна?! АллахIа лардойла вай цунах!

Ва́сиIан кIанта Мухьаммада дийцина, Яса́ран кIанта Муслима олуш хилла, аьлла: **«Девнаш дарх ларлойла шу, Iеламстагера Iилма дIадолу хан ю иза, оцу хенахь шайтIано иза тилавар а лохуш».** Мухьаммада элира: **«ХIара ду-кх и дов».** *Абу НуIайм.*

Iикримата (Дала къинхетам бойла цунах) дийцина: Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцира, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Хьайн** (бусалба) **вешица девне ма вала, цуьнца забарш ма е, айхьа бохор болу барт а ма бе цуьнца».** *Тирмизи.*

**Дов дар довзийтар**

Мусан кIанта Солихьа (Дала къинхетам бойла цунах) дийцина, шен дас элира, аьлла: **«Хайсаман кIантана РабиIана хезира цхьана стага бага леш, цо тIаккха элира: «Саца, хьайн багара дика дош бен ма далийта, кхечу стагера хьайна хаза лууш дерг бен ма ала ахь хьайн** (бусалба) **вешига. Баккъалла а, шен багара мел даьллачу дашах жоп доьхур долуш, оцу хьокъехь шена бекхам хир болуш ма ву хIора стаг».**

Абу Дардаа (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Хьуна къа хиларехь кхачам беш ду хьо девнаш деш дIаволавалар».** *Аддарими.*

Iумара (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Iеламстага Iилма кхо хIума бахьана долуш ма Iамадойла, кхо хIума бахьана долуш ца Iамош ма Iойла. Ша нахаца къийсавала, цуьнца дозалла дан, ша нахе хеставайта а иза ма Iамадойла цо. Iилма лаха эхь хеташ, цуьнга безам ца боьдуш, шена иза хууш цахиларна реза хилла а иза ца Iамош ма дуьтийла цо».**

МужахIида (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Къурайшин тайпанах цхьа накъост вара сан, ас цуьнга: «Схьаволахь, вайшинан ойланаш цхьана йогIий хьожур вара со», - элира. Цо элира соьга: «Вайшинна юккъехь болу безам хера ма баккха ахь».** МужахIида (Дала къинхетам бойла цунах) элира: **«Сан къурайшин накъост сол туьйлира».** *«Ихьъяъ».*

Абу Умамата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Девнаш динчул тIаьхьа бен цхьа а къам тилла дац».** *Ахьмад.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Къонахчо, ша бакълуьйш велахь а, къийсавалар дитталц, пуьташ хиларх кхоьруш дукха хабар дийцар дитталц, шен ийман бакъ хилар кхочушдийр дац».** *Ахьмад.*

Хьусойнан кIанта Iабдуль-Iазúза дийцина, шега хабар кхаьчнера, Марьяман кIанта Iúсас (Делера салам хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Къамел дукха деш волчун исбаьхьалла дIаер ю, къонахашца къийсалуш волчун стогалла дIаер ю, ойланаш дукха еш волчун дегI цомгуш хир ду, гIиллакхаш вуон долчун дегI Iазапехь хир ду».** *«Ихьъяъ».*

Авсан кIанта Мáлика (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, ша Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цхьаьна волуш, Делан Элчано

(Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Важиб хили, важиб хили, важиб хили».** Цуьнан асхьабаша, хIун ду и, хIай Делан Элча, аьлла, хаттар дира. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Ас дош ло, ша бакълуьйш велахь а къийсавалар дитинчунна, ялсаманин гонахьара хIусам хилийта, забаренна делахь а, пуьташ боттар дитинчунна – ялсаманена юккъехь хIусам хилийта, гIиллакхаш хаза хиллачунна – ялсаманин лекхачу меттигехь хIусам хилийта».** *Абу Давуд.*

МахIра́нан кIанте Маймуне хоттучо хаьттинера: **«Хьан ваша цкъа а хьуна уллора дIаволуш ма вац?»** Цо жоп делира: **«Ас цунна тIе пIелгаш а ца хьежабо, я цуьнца девне а ца вуьйлу со».**

Дов даро тIедохьуш долчух лахарниг – гергарло хадор, вовшашна букъ тохар, барт иэгIор ду. Шаьш бакъдерг олуш, я нахана бакъо гучуйоккхуш, я нахана оьшург Iамош дацахь, дов дар дита аш, иза ирча болх бу.

## Къамел дарехь кIорге гIертар – сийсаза хилар

Къамел дарехь кIорге гIертар – нахана юкъахь гIаравала гIерташ говза къамел дарца, доккха хабар дийцарца хуьлуш ду. Цунна юкъадогIуш ду дешнаш дух-духа далорца дуккха хабар дийцар а. Амма хьехам беш волчо тIехвалар доцуш говза хабар дийцар, хьехаме ладугIуш берш шовкъе беш говза маьIнаш дахар а – сийсаза лоруш дац.

МасIудан кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«ЛадогIалаш, кIорге гIерташ берш хIаллакьхилла»**. Кхузза элира цо иза. *Муслим.*

КIорге гIерташ берш – шаьш олуш долчуьнгахь, деш долчу хIуманехь дозанал тIехбуьйлуш берш бу, шайн хьекъал тIекхуьур доцчу кепара кIорге а гIерташ.

ХаттIабан кIанта Iумара (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Уггар а чIогIа со кхоьруш верг – сан умматана юккъехь говза мотт буьйцуш мунепакъаш хилар ду»**. *Ахьмад.*

СаIдан кIант Iумар шен дена тIе гIуллакх дохьуш веъча, цо шена оьшучу барамал къамел дахдина хилла. ТIаккха СаIдас (Дела реза хуьлда цунна) цуьнга аьлла: **«Тахана санна гена ваьлла вац хьо хьайна оьшуш долчух. Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **олуш хезна ву со: «Цхьа зама йогIур ю, бежнаша маттаца докъар керчадарх терра, адамаша къамел дарехь шайн мотт керчош».** *Ахьмад.*

## Къийсавалар сийсаза хилар

Имам ГІазалис (Дала къинхетам бойла цунах) альлла: «МостагІалла леладар – къовсаваларна, дов дарна а тІаьххье догІуш дерг ду. Къовсавалар – шен аьтто баларца наха дечу къамелан юкъаэккхар ду, шен меттан говзалла гучуяккха гІерташ, кхиверг охьатаІор бен шен Іалашо а йоцуш.

Дов дар – къамел дарехь къарцавалар ду, и бахьана долуш шега даьхни кхочуш, я шена лууш дерг чекхдоккхуш. Дов дар цкъацца – къамел долош, цкъацца – юккъехь хуьлу, къийсавалар – къамелан юккъехь бен хуьлуш дац». Іелин кІанта Мухьаммада (Дала къинхетам бойла цунах) альлла: **«МостагІалла леладарх ларлойла шу, цо дин иэшадо, цабезам гучубоккху, динехь къахьегар дІадоккху».**

Іаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, альлла: **«Уггар а АллахІна цабезнарш – къар ца луш** (харцонца) **девнаш деш берш бу».** *Бухари.*

**Сан хьоме ваша, лераме йиша!** ХІокху дийцаре ладогІа, хьо бакълуьйш велахь а (елахь а), нахаца къийсавалар дуьтур ду ахь. Къутайбатан кІанта Муслима дийцира: «ІубайдуллахІан кІант Баши́р тІекхечира суна, цо хьаьттира соьга: **«Хьо стенна ойла еш хиъна Іаш ву?»** - альлла. Ас элира: **«Суна а, сан девешин кІантана а юккъехь дов ду, сан цІахь йолу хІуманаш соьца къуьйсуш ву иза».** ІубайдуллахІа элира: **«Хьан да сан доладеш вара, цунна дуьхьал хьуна бекхам бан лаьа суна. АллахІах дуй буу ас, девнал чІогІа сайн дин дІадоккхуш, къонахалла иэшош, марзо йойуш, дог бІарздеш а хІума дайна ма дац суна».** Со дІаваха хьалагІаьттича, сан довхочо соьга элира: **«Ахь хІун до?»** Ас цуьнга элира: **«Хьоьца къийсалуш дов дийр дац ас».** Цо элира тІаккха: **«Иза сан хьакъ дуйла хиира хьуна?»** Ас элира: **«Хьан хьакъ дац иза, делахь а сайн дегІан сий цул деза хета суна, хьуна хьаштдолу хІума хьоьгахь дуьтур ду ас».** Цо соьга элира тІаккха: **«Хьан хІуманаш хьоьца къуьйсур ма яц ас».** Муслима элира: **«Цул тІаьхьа Баши́рана тІекхечира со, иза дов деш волуш, ас цунна дагадаийтира цуьнан дешнаш».** Баши́ра элира: **«Хьан девнал уьттазза доккха хІара делхьара, со Іадда Іийра ма вара, амма хІара ткъа миллионал гена хьаладаьлла».** *Ибн Аби Дунья.*

ХІай сан Дела, бакълийна Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен дашехь: **«КІеда-мерзалла хир ма дац цхьана а хІуманехь, цо иза хаздеш а бен; кІеда-мерзалла дІадоккхур ма дац цхьана а хІуманера, цо иза эрчадоккхуш а бен».** ХІай АллахІ, ХІай Іаламаш кхоьллина Верг, тхан болх ларбеш ша долу тхан дин тоде Ахь тхуна!

**ГIийбат а, бусалба стагана шен вешица лелон хьарам дерг а билгалдар**

ГIийбат бохург – ахь хьайна уллохь воцу ваша цунна дIахезча дезалур доцчу хIуманца хьахор ду. Башхалла яц, цуьнан дегIехь болу иэшам ахь хьахийча, бIаьрзе, я гIуьнжара, я тIуьска болуш, я лекха, я лоха ву, аьлла, я цуьнан тайпа хьахийча, набатIин я хIиндойн, я Iесачу, я сийсазчу тайпанах ву аьлла, я цунна тIера бедарш хьахийча, еха юх йолуш, я шуьйра пхьош долуш, я тIехь шуьйра ю, аьлла. Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) гIийбатах лаьцна хаьттича, цо жоп делира: **«Ахь хьайн ваша цунна ца дезачу хIуманца хьахор ду иза».** Хоьттуш волчо элира: **«ХIай Делан Элча, ахь суна дийцахь, ас олуш дерг сан вешехь делахь?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Ахь олуш дерг хьан вешехь делахь – цунна тIехь гIийбат дина ахь, нагахь иза цуьнгахь дацахь – цунна тIехь харцо кхоьллина ахь».** *Муслим.*

Хьо хууш хилалахь, гIийбат дарна юкъадогIу нахана сийсаза хеташ мел долу хIума, къамел дарца хуьлийла иза, я кхечу хIуманца хуьлийла иза: бIаьрг таIабарца, ишар ярца, къоламца яздарца а, хIунда аьлча, къолам – мотт санна лоруш болу дела. Iаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, ша Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Хьуна кхачаме ма дара Софийятах иза иштта** (лоха) **хилар»**. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Баккъалла а, дош эли ахь, иза хIордан хих тоьхча, цо** (шен боьхаллин чIагIонца) **цуьнан бос а, чам а хуьйцур ма бара».** Iаишата (Дела реза хуьлда цунна) элира: **«Ас вийцира цунна цхьа стаг».** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Суна ца деза айса цхьа адам дийцар, со иштта а волуш».** *Абу Давуд.*

Джуржани бохучу Iеламстага аьлла: **«ГIийбат – ахь хьайна уллохь воцу** (бусалба) **ваша цунна ца дезачу хIуманца хьахор ду, цуьнца иза делахь а».**

Мана́ви́ бохучу Iеламстага аьлла: **«ГIийбатан хьокъехь аьллачух нийса дерг – иза цхьаннан сакхт хьахор ду, иза уллохь а воцуш».**

Абу Дардаа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Къонахчуьнгахь доцу хIума ша хьахийнарг** (цуьнца иза бехвархьама), **АллахIа жоьжахатин цIергахь латтор ву, цо цуьнан хьокъехь аьлла дешнаш кхачадаллалц».** *ТIабарани.*

**«Ихьъяъ»** боху жайна яздинчо элира, цхьаболчу Iеламнаха олуш хиллера, аьлла: **«Хьалхарчу заманан Iеламнаха марха кхабар, ламаз дар а доккхачу Iибадатах ца лорура, амма нехан сий лардар – доккха Iибадат хетара царна».**

**ГIийбат даран сийсазалла**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«ХIора бусалба стаг шена хьарам долуш ву бусалба стеган цIий а, цуьнан даьхни а, цуьнан сий а».** *Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Вовшашца хьагI ма лелае, вовшашца цабезам ма лелабе, вовшашна букъ ма бетта, шух цхьаберш вукхарна тIаьхьашха луьйш ма хила, шу хила, хIай АллахIан леш, вежарий».** *Бухари.*

Ма́ликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Со стигала хьалаваьккхинчу буьйсанна со тIекхечира цIестанах мIараш йолуш болчу нахана, шайн яххьаш а, шайн накхош а цоьстуш бара уьш. Ас хаьттира: «ХIорш муьлш бу, хIай Джабраил?» Цо элира: «ХIорш – нахана тIехь гIийбат деш, церан сий дойуш берш бу».** *Абу Давуд.*

Джа́биран кIанта Сулайма элира: **«Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **волчу веара со, ас цуьнга дийхира, цхьа дика хIума хьехахь суна, АллахIа и бахьана долуш суна пайда бийр болуш».** Цо соьга элира: **«Дикачу балхах хIумма а кIезиг ма хетийла хьуна, хи молуш йолчу метте хьайн ведара чуьра хи доттар а, хьайн вешина велакъежна хьо дуьхьалкхетар а, цо хьайна букъ тоьхча, хьо цунна тIаьхьашха цалер а».** *Тирмизи.*

Барра́а (Дела реза хуьлда цунна) дийцина: «Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тхуна хьехам бира, цIахь Iаш болчу зударшна а хезар болуш. Цо элира: **«ХIай маттаца ийман диллинарш, амма шайн дегнашка ийман кхаьчна доцурш! Бусалба нахана тIехь гIийбат ма де аш, церан сакхташ хаа ма гIерта шу. АллахI хьожур ву шен вешин сакхт хаа гIерташ волчун сакхте. Цуьнан сакхт гучудаккхарца АллахIа юьхьIаьржахIоттор ву иза, шен чохь Iаш и велахь а».** *ХIайсами.*

Абу Барзата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«ХIай маттаца ийман диллинарш, амма шайн дегнашка ийман кхаьчна доцурш! Бусалба нехан сакхташ, церан ледарлонаш а хаа ма гIерта шу. АллахI хьожур ву бусалба нехан ледарлонаш хаа гIерташ волчун ледарлоне. Цуьнан ледарло гучуяккхарца АллахIа юьхьIаьржахIоттор ву иза, шен чохь Iаш и велахь а».** *ХIайсами.*

Сулайман Аттаймийю (Дала къинхетам бойла цунах) бохучу Іеламстага дийцина, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ялхо хилла волчу Іубайда дийцира, аьлла: **«Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **заманахь ансарех йолу ши зуда** (багахь марха а долуш) **нахана тІехь гІийбаташ дан охьахиъна хиллера. Пайхамар** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **волчу цхьа стаг веара, марха кхобуш йолу ши зуда хьогаллина яла герга яхана, аьлла. Пайхамар** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **вист ца хуьлуш, цунах дІавирзира. Цул тІаьхьа, делккъехь юха а веара иза, хІай Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **и шиъ елла** (я яларчу яхана) **аьлла. Пайхамара** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **и шиъ ша волчу схьаялае, элира, тІаккха цара и шиъ схьаялийра. Хьалха кад а биллина, цаьршиннах цхьанга, Іеттае, элира цо. Кад буьззина ноткъа, цІий а Іеттийра цо. ШолгІачуьнга, Іеттае, элира цо. Кад буьззина ноткъа, цІий а Іеттийра цо а.** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«ХІокху шина зудчо АллахІа шаьшшинна хьанала диначуьнца марха лаьцнера, АллахІа хьарам динчуьнца даста а даьсти. Цхьаьна охьа а хиъна, адамийн жижигаш диъна кхушимма».** *Ахьмад.*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Риба** (процент) **яккхарца кхузткъе итт къа ду, лахарниг – стага шен нана маре йигча санна ду, лакхарниг – бусалба стеган сий дайар ду».** *Ибн МажахІ.*

ІабдуллахІан кІанта Джабира (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, Делан Элчанца (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) новкъахула догІуш дара шаьш, аьлла. Кошахь Іазап хьоьгуш волчу шина стеган шина кошана тІе а вахана, цо элира: **«ЛадогІалаш, доккха хІума бахьана долуш луш ма дац цаьршинна Іазап. Цаьршиннах цхьаъ нахана тІехь гІийбат деш вара, шолгІаниг – шен хьотІан гІуллакхан хьашт кхочушдечу хенахь дика цІано еш вацара».** Шена тІе цхьаъ, я шиъ тІеда га даийтира цо, и шиъ каг а дина, хІора кошан барза тІе дІадогІийтира цо. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Цаьршинна луш долу Іазап дайдийр ду, и ши га, дакъа ца луш, тІеда мел лаьтта».** *Бухари.*

Къайса дийцина, Іасан кІант Іамр (Дела реза хуьлда цунна) елла Іуьллуш йолчу бІарзана тІекхечира, цо тІаккха элира, аьлла: **«АллахІах дуй ма буу ас, хІокху елла Іуьллуш йолчу бІарзан жижиг даар гІоле ма ду шуна, шайн вешин жижиг даарал а».** *Бухари.*

Іаби́датус-Салманийю бохучу Іеламстага аьлла: **«Марха дохош долчу шина хІуманах кхоьрийла шу: гІийбат дарх, пуьташ боттарх».**

Соби́хьан кIанта Раби́Iас дийцина: «ХьаьжцIийнан неIарехь охьахиъна волчу шина стагана уллохула цхьа стаг дехьавелира, яханчу заманахь зудчух терра лелла, цул тIаьхьа и дитина волу. Цаьршиннах цхьамма элира: **«Хьалхалерачух цхьакIезиг хIума дисина цуьнгахь».** Ламазан хан хилча нахаца цхьаьна ламаз дира цаьршимма. Шаьшшимма аьллачунна дохко а ваьлла, IатIоъ (Дала къинхетам бойла цунах) волчу веана, цуьнга хаьттира цаьршимма. IатIоа (Дала къинхетам бойла цунах) цаьршинга омра дира, ламаз карла а даккха, шаьшшимма дина ламаз духа а де, аьлла. И шиъ марха долуш хиллера, цаьршинга оцу дийнахь кхаьбна марха духа кхаба аьлла, омра дира цо».

МунаббихIан кIанта ВахIба (Дала къинхетам бойла цунах) дийцина, Зулькъарнайна (Делера салам хуьлда цунна) цхьана къоме хаьттина хилла: **«Шу цхьабарт болуш, нийсачу некъа тIехь хиларан бахьана хIун ду?» -** аьлла. Цара жоп делира: **«Вовшийн Iеха а ца деш, вовшашна тIехь гIийбаташ а ца деш долчу тайпанах ду тхо».**

Ма́ниIан кIанта Шафиийяс (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Жоьжахатехь Iазап токхуш болчарна а зен дийр долуш диъ тайпа ду, шайга кхаьчна болу бала, дакъазалла а кхайкхош, Хьамийм олуш долчу хина а, жоьжахатин цIарна а юккъехула шаьш девдда лелаш. Жоьжахатехь болчара вовшашка хоттур ду, хIокху наха лелош дерг хIун ду те, хIоккхул балехь долчу вайна кхин а чIогIа бала бина-кх хIокхара, аьлла? Цо элира, и диъ тайпа: цIеран алунах долчу тIорказа чохь дIакъевлина стаг; шен кийрара йоьхьаш текхош волу стаг; шен багара ноткъа а, цIий а оьхуш волу стаг; шена тIера жижиг дууш волу стаг. Цара хоттур ду тIаккха, шена тIера жижиг дууш волчух лаьцна: «Массарел генахь волчо динарг хIун ду те, хIоккхул балехь долчу тхуна кхин чIогIа бала бина-кх цо?»** Цаьрга эр ду: **«Генахь верг – гIийбат дарца адамийн жижигаш дууш вара, нахана юккъехь мотт-эладита дIасакхоьхьуш а вара».** *Абу НуIайм.*

КаIба (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«ГIийбат даро дика Iамал йохайо».**

Къатада (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Тхуна дийцина, кошан Iазап кхаа декъах лаьтташ ду, аьлла. Царах цхьа дакъа – гIийбат дар бахьана долуш, шолгIа дакъа – хьотIан гIуллакх кхочушдечу хенахь дика цIано ца яр бахьана долуш, кхоалгIаниг – мотт-эладита леладар бахьана долуш».**

Соби́хьан кIанта Раби́Iас дийцина, Хьасана (Дела реза хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«АллахIах дуй ма буу ас, гIийбат даро бусалба стеган дин талха ма до, цуьнан дегI хIаллакдеш долчу лазарал чехка».**

Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) аьлла: «**Хьайн накъостан сакхташ хьахо хьайна дагадеъча, хьайн сакхташ дагадаийта ахь».** *Ахьмад.*

Асамман кІанта Язи́да дийцина, Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «**Шух цхьанна шен вешин бІаьргахь йолу нех го, амма шен бІаьргахь долу дитт ца го».** *Ахьмад.*

Іусманан кІанта Хьафсас дийцина, ХаттІабан кІанта Іумара (Дела реза хуьлда цунна) олура, аьлла: **«Шайн догІмаш нах хьехабарца кІад ма де аш, иза бала бу шуна, АллахІ хьехаве аш, иза къинхетам бу шуна».** *Ахьмад.*

Кхечу дийцарехь деана, Іумара (Дела реза хуьлда цунна) элира, аьлла: **«АллахІ хьехавойла аш, иза дарба ду шуна, нах хьехабарх ларлойла шу, иза цамгар ю шуна».**

Со́лихьа Аль-Музанийс дийцина, Салмана Абу Дардаэ (Дела реза хуьлда цаьршинна) кехат яздира, аьлла: **«Ас весет до хьоьга, АллахІ хьехаве аьлла, иза дарба ду хьуна; нах хьехор доьхку ас хьуна, иза цамгар ю хьуна».**

Ха́лидан кІанта Іимрана дийцина, Хьасан (Дела реза хуьлда цунна) олуш вара, аьлла: **«ХІай Адаман бер, хьайн ийман кхоччуш бакъдийр ма дац ахь, хьайгахь долу сакхт ца гуш ахь нехан сакхташ лехар дитталц, хьайн дегІехь долу сакхт дІадаккха хьо волаваллалц а. Ахь и болх бан тІелаьцча, хьайн дегІана тІевоьрзур ву хьо, АллахІна дукхабезнарш – шайн догІмаш нисдеш къахьоьгуш берш бу».**

ІабдуллахІан кІанта Іавна (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Шегахь долу сакхташ дицдина а бен, нехан сакхташка хьоьжуш ву аьлла ца хета суна цхьа а».** *Абу НуІайм.*

ІабдуллахІан кІанта Бакра аьлла: **«Шен сакхт дицдина, нехан сакхташ лоьхуш стаг шайна гича, аш цунна дІахаийта, иза Іехавелла хилар».**

Сулаймана Аттаймийс дийцина, Къайсан кІанта Ахьнафа (Дела реза хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Сайна уллора хьалагІаьттина дІаваханарг вуочу агІор хьахийна вац ас цкъа а».** *Ахьмад.*

ІабдуллахІан кІанта Бакра аьлла: **«Ахь бакъдерг дийцича хьуна мел хир боцуш, хьо галваьлча хьуна къа а хир долуш къамел дарх ларлойла хьо, иза – ахь хьайн вешех вуон ойла яр ду».**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «**ХІай ийман диллинарш, шу ларло дукхахболчу дегабаамех. Баккъалла а, шуна моьттуш долчух цхьадерг къилахь ду шуна. Нехан сакхташ лехарна тІаьхьа ма довла шу, цхьадерш вукхарна тІаьхьашха луьйш ма хила шу. Шайн веллачу вешин жижиг даа луур дарий шуна, ма дезалур дацара шуна иза!**

**АллахIах кхера шу, баккъалла а, АллахI** (дохковаьллачун) **тоба къобал деш ву, къинхетам беш а ву».** *«Аль-Хьужурат», 12.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахI дезаш вац вуон хабарш даржадар, цхьамма шена зулам динчо бен** (шена дина зулам, и зулам динарг а вийца магадо цунна)**; АллахI хезаш а, хууш а ву».** *«Ан-Нисаъ», 148.*

IабдуллахIан кIанта Джабира (Дела реза хуьлда цаьршинна) дийцина, шаьш Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цхьаьна долуш, яхкаеллачу хIуманан хьожа елира, тIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«ХIара хIун хьожа ю хаьий шуна? Бусалба нахана тIехь гIийбаташ деш болчу нехан хьожа ю хIара».** *Ибн Хьажар.*

ШуIайбан кIанта Iамра дийцина, шен дас шен дегара дийцира, аьлла: «Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) гергахь цхьа къонах хьахийра, шена кхечо ца яийча яахIума яа гIора дац цуьнгахь, шен хIума кхечо дIа ца яьхьча, дIаяхьа гIора а дац цуьнгахь, аьлла. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Аш цунна тIехь гIийбат ди».** Цара элира: **«ХIай Делан Элча, баккъалла а, цуьнгахь долу хьал ма ду оха хьахийнарг?!»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Ахь хьайн ваша цуьнгахь долчу хьолаца хьахавар** (къа хиларехь) **кхачаме ду хьуна».**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Дуьнен чохь шен вешин жижиг диъначунна, къемат-дийнахь цунна хьалха дуьллур ду иза. Ахь хьой дийна волуш даарх терра, хIинца хьой велла волуш даа, эр ду цуьнга. Цо шен юьхь хебош, мохь а хьоькхуш, дуур ду иза».** *Ибн Хьажар.*

### ГIийбат бохучу дешан маьIна

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«ГIийбат бохург хIун ду хаьий шуна?»** Асхьабаша (Дела реза хуьлда царна) элира: **«АллахI, Цуьнан Элча а дика хууш ву»**. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Ахь хьайн ваша цунна ца дезачу хIуманца хьахавар ду».** Цуьнга хьаьттира: **«Ахь суна дийцахьа, ас олуш дерг сан вешехь хилча?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Нагахь ахь олуш дерг цуьнгахь делахь, баккъалла а, цунна тIехь гIийбат дина ахь, нагахь ахь олуш дерг цуьнгахь дацахь, баккъалла а, цунна тIехь харцо кхоьллина ахь».** *Муслим.*

Іаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, ша цхьа зуда хьахийра, иза лоха ю, аьлла. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Цунна тІехь гІийбат ди ахь».** *Ахьмад.*

Іаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) волчу, иза хиъна Іаш а волуш, цхьа лоха зуда еара, аьлла. Ас цунна тІе пІелг хьажийна, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хичаш йира. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Цунна тІехь гІийбат ди ахь».** *Ахьмад.*

Саламатан кІанта Сина́на дийцина, шен дейишин кІант волчохь вара ша, шен да а. Оха цуьнга гІийбатах лаьцна хаттар дира. Ибн Іумара (Дела реза хуьлда цаьршинна) элира: **«ГІийбат – ахь адамехь дерг алар ду, бухІтан – ахь цуьнгахь доцург алар ду».**

Сувайдан кІанта Іумара дийцина, Хьасана (Дела реза хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Лекха Хьумайд – бохуш, вай аьлла долу дош, гІийбат хиларна кхерам болуш ду».**

Хьа́зиман кІант волчу Джари́ран кІанта дийцина, Ибн Си́ри́на (Дала къинхетам бойла цунах) цхьа стаг хьахийра, цо элира, аьлла: **«Іаьржа бос болу стаг ву иза».** Цул тІаьхьа цо элира: **«АстагІфируллóхІ, баккъалла а, цунна тІехь айса гІийбат дина аьлла хета суна».**

Хьасса́нан кІанта ХІишша́ма аьлла: **«ГІийбат бохург – стага адамана тІехь долу хІума алар ду** (цунна ша ца дезаш долу)**».**

## ГІийбат даран бахьанаш, цунна тІевуьгу некъаш а

Имам ГІазалис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «ГІийбат даран бахьанаш, оцунна тІевуьгуш некъаш а ду, тІаьхьадогІучуьнгахь уьш билгалдийр ду вай:

- ГІийбат деш волчо шен оьгІазлонна дарба лахар ду, ша гІийбат деш волчун вуонаш хьеха а деш.
- ГІийбат деш болчу шен доттагІашна а, нийсархошна а тІетар, цаьрца гІийбат дарехь дакъалацар а ду.
- ГІийбат деш волчун ша воцучуьнгахь вуон ойла хилар ду, цунна тІехь гІийбат даре вуьгуш ша йолу.
- Шегарчу ледарлонех, и ледарлонаш кхечуьнга яхкарца, цуьнгахь уьш ю бохуш иза хьехаварца, цІанвала гІертар.
- Кхечуьнгахь долу диканаш шега дахкарца, ша вазван а, шен сий хьаладаккха а гІертар.
- Наха дикачу агІор хьехош волчуьнца хьагІ лацар.
- Нахах цавашар а, царех кхардар а, уьш шел лахара хетар а».

## ГIийбат даран хьукма

Имам Ибн Хьажара (Дала къинхетам бойла цунах) даккхийчу къинойх лерина гIийбат дар. Цо аьлла: «Билггала долуш, дуккха долчу делилаша иза доккха къа хиларна тIенисво, делахь а, цуьнан барам хийцалуш бу. Цо беш болчу бохаман барам хийцабаларе хьаьжжина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) иза дуьстина нуьцкъах даьхни схьадаккхарца, бехк боцуш дегI дерца а. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«ХIора бусалба стаг шена хьарам долуш ву бусалба стеган цIий а, цуьнан даьхни а, цуьнан сий а».** *Муслим.*

Iеламнехан цхьабарт бу, нуьцкъах даьхни схьадаккхар, бехк боцуш стаг вер а – доккха ши къа ду, аьлла.

## ГIийбатна дарба

ГIийбат бохург – кхераме цамгар ю, адам хIаллакдеш долу ун а ду. Цо вовшашна дукхабезнарш дIасакъастабо, кхиболчу нехан хаза гIиллакхаш хьул а до, царна тIехь харцо а кхуллу. Бусалба нехан юкъараллехь вуонаш дебош, бакъонна, нийсонна а тIехь лаьтташ долу низам харцонна, Iеса долчунна а тIехьовзош долу хIума ду иза. ХIокху цамгарна дарба далуш дац Iилманца а, Iамал ярца а бен. ГIийбат дечунна хууш хилча, къемат-дийнахь АллахIера оьгIазло шега кхочур хилар, АллахIа цуьнан Iамалш йохаяр, цуьнан дика Iамалш цо гIийбат динчунна дIаялар, уьш тоьаш ца хилахь, вукхуьнан къинойн мохь цуьнга балар, иза ларлур ма вара. Цо шена тIехь гIийбат динарг АллахIа цунна тIетосург хилар, дуьнен чохь цо цуьнгара чIир оьцур йолуш хилар а цунна хууш хилча, баккъалла а, оцу цамгарна дарба кэрор дара цунна.

Язи́дан йоIа Асма́а (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шен** (бусалба) **вешин сий дойуш гIийбат дарх цхьаъ сацийнарг жоьжахатин цIерах хьалхавита АллахIа Шена тIелаьцна».** *Тирмизи.*

## ГIийбато беш болу бохамаш

- ГIийбат диначунна жоьжахатин цIергахь Iазап лур ду, боьха хьожа йолу хIуманаш цунна яа а еш.
- АллахIера Iазап кхочур ду цуьнга, иза кошахь а волуш.
- Цуьнан ийманан нур, Исламан билгалонаш а дIаевр ю.

- Цо гӀийбат динарг къинтӀераваллалц, цунна гечдийр дац.
- ГӀийбат – хӀума йохош лом ду, кӀелхьаравалуьйтур воцуш вуон а ду.
- ГӀийбат – адамашна юкъа дов тосуш, церан барт бохош а зулам ду.
- ГӀийбат – бусалба нахана юкъахь йолу уьйр-безам хадош цамгар ю.
- ГӀийбат – билгало ю, гӀийбат дечун сийсазалла, оьзда вацар а гойтуш йолу.

## ГӀийбатах магош дерг дуьйцу дакъа

**Хьо хууш хилалахь**, шарӀо шена тӀе тидам бахийтина, ша билгалдар лоьхуш долчу хӀуманехь гӀийбат магадо, нагахь цуьнца бен иза билгалдар тарлуш дацахь. Цуьнан ялх бахьана ду:

1) Шена дина долу зулам далхадар. Шена дина зулам паччахье, я къедане, я и шиъ санна волчуьнга далхо мегаш ду, цаьрга нийсонца кхел яйтаран дуьхьа, хьенеха хӀокху кепара зулам дина суна, аьлла.

2) ШарӀехь мегаш доцург сацадарна а, Ӏеса ваьлларг нийсонна тӀеверзаварна а тӀехь гӀо лаха мегаш ду. Оцу балха тӀехь ницкъ кхочуш волчуьнга ала мегар ду, хьенех хӀокху кепара вуон хӀума деш ву, иза сацавахьара ахь, аьлла. ШарӀехь мегаш доцург дӀадаккхарна некъ лохуш ниййат хила деза цуьнан, иштта ниййат ца хилча хьарам ду иза вийцар.

3) Нийса жоп лахар. Жоп луш волчуьнга (къедане) ала мегар ду: сан дас, я вашас, я хӀусамдас, я хьенеха хӀокху кепара зулам дина суна, цуьнан бакъо юй иза дан? Оцу балхах хьалхавала хӀун некъ бу суна? Бакъду, гӀоле дерг цо алар ду: ахь хӀун эр дара хӀокху кепара хӀума деш волчу стагах, я зудчух, я адамах лаьцна? Ша вуьйцуш верг билгал а ца воккхуш, шена дезаш долу жоп хуьлу цунна, иза билгалваккхар магош делахь а.

4) Бусалба нах вуочу хӀуманах ларбар, царна хьехам бар а. Цуьнан дуккха а агӀонаш ю:

- Харцо юьйцуш, я харц тоьшалла деш берш нахала бахар мегаш хиларна тӀехь, царна новкъарло яр важиб хиларна тӀехь а бусалба нехан цхьабарт бу.
- Зуда ялош я цхьана хӀуманан декъа воьдуш, я балха хӀуттуш, я лула вогӀуш волчуьнца дагавалар мегаш ду. Иза шех дагаволуш волчунна важиб ду, долуш долу хьал цунах хьул ца дан, хьехам баран ниййатца цунна и довзийтар а.
- ШарӀехь нисвелларг Ӏесачу стагана тӀе а воьдуш, цуьнца Ӏилма Ӏамош шена гича, иза шарӀан новкъах тиларна ша кхоьруш волчунна тӀехь декхар ду цунна хьехам бар, долуш долу хьал цунна довзийтар. ХӀокху балха тӀехь цкъацца гӀалатвалар нислуш ду. Хьехам беш волчо хьагӀ лаьцна хила

тарло, шайтIано иза Iехийна хила а тарло, тIаккха цунна ша беш берг дика болх бу моьттуш. Оцу тIехь само йойла цо.

- Цхьана балхана тIехIоттийна верг оцу балхана говза ца хиларна, я Iеса хиларна, я мало еш хиларна кхачам болуш болх балуш вацахь, цунна тIехIоьттина волчу хьаькаме и хьал дийцар важиб ду, цуьнга мегаш волу стаг тIехIоттаварца и хьал тодайтархьама.

5) Шегара Iесалла хьулъеш воцург (къаьркъа маларца, нахера даьхни схьадаккхарца, даьхнина тIера ца йогIу ял яккхарца, динехь ца догIург леладарца а) вийца мегар ду, цуьнгара дуьйлуш долу Iеса хIуманаш билгал а дохуш. Амма цуьнан кхийолу ледарлонаш йийцар хьарам ду.

6) Адам довзийтар. Нахана юкъахь алсам йоккхуш йолчу цIарца адам девзаш хилча (бIаьрса гIийла дерг, астагIа верг, къора верг, бIаьрзе верг, аьлла), иза вовзийта мегар ду оцу кепара цIе яккхарца. Бакъду, цуьнгахь иэшам бу аьлла, ишттa цIе яккхар хьарам ду. Амма цуьнан сакхт ца хьахош иза вовзийта аьтто белахь, иза гуттар а гIоли ду.

Iаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, цхьана стага Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тIекхача пурба дийхира, аьлла. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Пурба ло цунна, ма вуочу тайпанан кIант ву иза».** И стаг чувеача, цуьнга кIеда-мерза вистхилира иза. Иза дIавахча оха элира: **«Вуочу тайпанан кIант ву аьлла, цул тIахьа цуьнца кIеда-мерза ма хили хьо?»** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«ХIай Iаишат, къемат-дийнахь АллахIна гергахь уггар вуочу меттигехь хин верг – наха дIатеснарг ву, цуьнан вуонах кхийрина».** *Бухари.*

Асламан кIанта Зайда (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Баккъалла а, шен Iесалла гучу ца йоккхуш волчунна тIаьхьашха олуш дерг – гIийбат дар ду».** (Иза шен Iесалла хьулйина Iаш мел ву, хьанала дац иза вийцар). *Имам СуютIи.*

ИбрахIим бохучу Iеламстага аьлла: **«Кхо стаг ву, царна олуш дерг гIийбатах ца лоруш: харцо лелош волу имам; динехь хилла боцу, шегара керла белхаш юкъабохуш волу стаг; шегара Iесалла хьул ца еш волу Iеса стаг а».** *Имам СуютIи.*

Хьасана (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Хьуна а, Iесачу стагана а юккъехь дихкина хIумма а дац».** *Имам СуютIи.*

Юха а аьлла цо: **«Динехь керла белхаш юкъабохуш волчунна аьлларг – иза гIийбат дац».** *Имам СуютIи.*

ИбрахIима элира аьлла, дийцина: **«Цара гIийбат ца лорура, шаьш вуьйцучун цIе яьккхина мел йоцу».**

ТІори́фан кІанта Солтас дийцина, Хьасане (Дела реза хуьлда цунна) ша хьаттира, аьлла: **«Шен Іесалла гучуйоккхуш волу стаг ас хьахийча, цуьнгахь долу хьал а дуьйцуш, иза гІийбат дуй?»** Цо жоп делира: **«ГІийбат дац, я сийлалла яц».**

Къатадата дийцина, Іумара (Дела реза хуьлда цунна) элира, аьлла: **«АллахІна Іеса волчу стагана хьурмат** (сий) **дац».**

Хьасана (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Кхо стаг ву, царна аьлларг гІийбат ца хуьлуш: шен дегІан лаамашна тІаьхьаваьлла лелаш верг; шегара Іесалла хьул ца еш гІараваьлларг; нийсо ца еш волу имам а».** *Имам СуютІи.*

Къуда́матан кІанта За́идата дийцина, МуІтамиран кІанте Мансуре хаьттира ша, аьлла: **«Хьо марха кхобуш волчу хенахь, паччахьо халахетар диний хьуна?»** Цо жоп делира: **«Ца дина»**, - аьлла. Ас хаьттира: **«Шайн дегІан лаамашна тІаьхьабевлла лелаш болчара халахетар диний хьуна тІаккха?»** Цо жоп делира: **«Дина»**, - аьлла. *Абу НуІайм.*

Хьасана (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Стаг Іеса хилар гучудаьлча, цунна олуш дерг гІийбат ца хуьлу».**

### Бусалба стаг шен вешин сий дайарх сацавар

Абу Дардаа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шен** (бусалба) **вешина гІийбат дарх цхьаъ сацийнарг, жоьжахатин цІерах хьалхавита АллахІа Шена тІелаьцна».** *Тирмизи.*

ІабдуллахІан кІанта Джабира, Абу ТІалхьата (Дела реза хуьлда царна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стаг гІо ца деш вуьтур ма вац цхьаммо а, иза бехвеш, цуьнан сий дойучу меттехь, цунна гІо оьшучу меттехь АллахІа гІо ца деш иза вуьтуш а бен. Бусалба стагана гІо дийр ма дац цхьаммо а, иза бехвеш, цуьнан сий дойучу меттехь, цунна гІо оьшучу меттехь АллахІа цунна гІо деш а бен».** *Абу Давуд.*

Ма́ликан кІанта Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шена уллохь цхьамма шен бусалба вешина гІийбат деш, цунна гІо дан аьтто а болуш, гІо ца деш Іийначунна – АллахІ тІекхуьур ву** (иза юьхьІаьржахІоттаварца) **дуьненахь, эхартахь а».** *Іабдурроззакъ.*

ІабдуллахІан кІанта Джабира (Дела реза хуьлда цаьршинна) аьлла: **«Шена генахь волчу бусалба вешина гІо диначунна, АллахІа гІо дийр ду дуьнен чохь, эхартахь а».** *Хьафиз Мунзири.*

Абу Ва́ила дийцина, Iумара (Дела реза хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Сонтачу стага нехан сий дойуш шайна гича, иза човхаварх шу сецош дерг хIун ду-те?»** Цара элира: **«Цуьнан маттах кхоьру-кх тхо».** Iумара (Дела реза хуьлда цунна) элира: **«И бахьана долуш шух гIазотан дай ца хила герга ду-кх».** *Iабдурроззакъ.*

Хьусайнан кIанта Iелас дийцина, ТIо́рикъа (Дела реза хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «СаIдана а, Халидана а (Дела реза хуьлда цаьршинна) юккъехь (вас йолуш) къамел хиллера. Цул тIаьхьа цхьа стаг СаIдан уллохь Халидана (Дела реза хуьлда цаьршинна) лен хIоьттина хилла. СаIдас (Дела реза хуьлда цунна) цуьнга элира тIаккха: **«Саца, тхойшинна юккъехь хилларг тхойшинан динах хоттаделла дац».** *Абу НуIайм.*

Анасан кIентан МуIазан кIанта СахIла дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Мунепакъ стага дечу гIийбатах бусалба стаг ларвинчунна тIе АллахIа малик хьажор ду, къемат-дийнахь жоьжахатин цIерах цуьнан жижиг лардийр долуш. Бусалба стаг бехван лаьаш, цунна тIаьхьашха хIума аьлларг АллахIа жоьжахатин тIай тIехь сацор ву, ша аьлла долчун таIзарх иза хьалхаваллалц».** *Ибн Къутайбат.*

Хьазма дийцина, Сия́хIан кIант Маймун олуш вара, аьлла: **«Цхьаммо а гIийбат ма дойла, я шена уллохь гIийбат деш верг човха ца веш ма вуьтийла. ГIийбат деш верг соцуш вацахь, хьалагIаьттина дIагIойла иза».** *Абу НуIайм.*

Абу Дардаа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шен** (бусалба) **вешин сий дайарх цхьаъ сацийнарг – къемат-дийнахь АллахIа жоьжахатин цIерах ларвийр ву».** *Тирмизи.*

Кхечу хьадисехь аьлла цо: **«Шен вешин сий дайарх цхьаъ сацийначух, АллахIа жоьжахатин Iазап духатухур ду къемат-дийнахь»**. ТIаккха цо Веза-Сийлахьчу Дала бохург дийшира: **«Тхуна тIехь декхар ду ийман диллинчу нахана гIо дар».** *ТIабарани.*

## Мотт-эладита лелор сийсаза хиларан дакъа

Абу Ва́ила дийцина, Хьузайфате (Дела реза хуьлда цунна) хабар кхаьчнера, цхьа стаг мотт-эладита лелош ву, аьлла. Цо тIаккха элира, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезна шена, аьлла: **«Ялсамане гIур ма вац мотт-эладита лелош верг».** *Муслим.*

Хьузайфата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Ялсамане гIур ма вац нахана юккъехь мотт-эладита дIасхьакхоьхьуш верг».** *Бухари.*

ШуIбата дийцина, Абу Аль-Ахьвасана хезна хилла, Iабдуллах1а (Дела реза хуьлда цунна) олуш: «Баккъалла а, Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш вара: **«Харцонах лаций дийца ас шуна? Бохам хир болчу агIор нахана юккъехь мотт-эладита дIасхьакхехьар ду иза».** *Муслим.*

Язи́дан йоIа Асмаа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шух уггар вуон берш бийца ас шуна?»** Цара элира: **«Бийцахь».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Вовшашна безаш болчеран юкъаметтиг талхош, бехк боцчу нахана тIехь харцонаш а кхуллуш, мотт-эладита дIасхьакхоьхьуш берш бу».** *Ахьмад.*

Нуфайран кIанта Джубайрас дийцина, Абу Дардаа (Дела реза хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Милла велахь а, бехк боцчу стагана тIехь ша цхьа дош аьлла а, харц цIе кхоьллинарг, дуьнен чохь иза бехвархьама, и бахьанехь къемат-дийнахь жоьжахатин цIергахь иза ваго АллахIа чIагIо йина».** *Мунзири.*

Анаса (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Шен бусалба вешех бахьана дина, ша цкъа кхаллал йолу хIума йиъначунна, АллахIа и бахьанехь жоьжахатин кхача баор бу. Шен бусалба вешех бахьана дина, ша духар дуьйхиначунна, АллахIа и бахьанехь жоьжахатин духар тIедухур ду. Шен бусалба вешех бахьана дина, нахе шен цIе йоккхуьйтуш, ша гIараваьлларг, АллахIа и бахьанехь къемат-дийнахь** (таIзар дарца, юьхьIаьржа хIоттаварца а) **гIаравоккхур ву».** *Абу Давуд.*

Iавфан кIанта Шибла (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Шена хезна долу ирча къамел ша даржийнарг -** (къа хиларехь) **и къамел долийнарг санна ву».** *Абу НуIайм.*

Абу Аль-Джавзаа дийцина, Ибн Iаббасе (Дела реза хуьлда цаьршинна) хаьттира ша, аьлла: «Ахь суна дийцахь, жоьжахатин боьра хир ю аьлла, АллахIа Къуръана чохь хьахийнарг мила ву?» Цо элира: **«Шина вешин юкъаметтиг талхош, нахана юккъе питана туьйсуш, мотт-эладита лелош верг ву иза».** *Имам СуютIи.*

Маймунан кIанта Iамра дийцина, Муса-пайхамарна (Делера салам хуьлда цунна) ша АллахIна тIекхача сихвелла воьдуш, Iаршан IиндагIехь цхьа стаг гира, аьлла. Цуьнгахь долчу даржах тамаша бина, цо элира: **«АллахIна гергахь ма сий долуш ву хIара стаг?!»** Цо АллахIе дийхира оцу стеган цIе йийцахьара шена, аьлла, АллахIа цунна ца йийцира иза. АллахIа цуьнга элира: **«Ас дуьйцур ду хьуна цунах лаьцна кхо хIума: АллахIа шайна дика диначу нахаца хьагI лелош вацара иза; шен да-нана холчахIиттош вацара иза; мотт-эладита дIасхьакхоьхьуш вацара иза».** *Ахьмад.*

Хьасана (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шен бусалба вешех бахьана дина, дуьнен чохь цкъа кхаллал йолу хIума йиънachunna, АллахIа и бахьана долуш жоьжахати чохь хIума яор ю. Шен бусалба вешех бахьана дина, дуьнен чохь ша духар дуьйхиначунна, АллахIа и бахьана долуш къемат-дийнахь жоьжахатин духар тIедухур ду. Шен бусалба вешех бахьана дина, ша гIараваьлларг, АллахIа и бахьана долуш къемат-дийнахь** (таIзар дарца, юьхьIаьржа хIоттаварца а) **гIаравоккхур ву».** *Iабдурроззакъ.*

КаIба (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Мотт-эладита лелорах кхоьруш хилалаш, баккъалла а, мотт-эладита лелош хилларг кошан Iазапах паргIат вер ма вац».** *Ибн Аби Дунья.*

## Цавашар доьхкуш долу дакъа

Умму ХIáнис (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хаьттира ша: **«Шаьш цхьаьнакхетачу пхьоьханахь Iеса лела шу?»**, - бохуш долчу АллахIан дашах лаьцна. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Новкъахь дIасхьалелаш болчу нахана тIулгаш детташ, царех цабашарца кхаьрдаш хилла уьш. Цара деш хилла долу Iеса хIума иза ду-кх».** *Ахьмад.*

Iаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цхьа стаг вийцира ша, аьлла. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Суна ца деза айса цхьа адам дийцар, со иштта а волуш».** *Абу Давуд.*

АIмаша дийцина, ИбрахIима (Дала къинхетам бойла цаьршиннах) элира, аьлла: **«Суна цхьа хIума ала дагадеъча, со иза аларх вуха ца туху, цо со бале лацарна кхоьруш хиларо а бен».** *Ибн Аби Дунья.*

Джабалан кIанта МуIаза (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Шен вешина цуьнгара даьлла къа тIехтоьхнарг, и санна долу къа шегара даллалц лийр ма вац иза».** *Тирмизи.* Ибн МаниI бохучу Iеламстага аьлла: **«Къа динчо, дохко а ваьлла, тоба дина долу къа ду иза».**

Хьасана (Дала къинхетам бойла цунах) дийцина, Iеламнах олуш бара, аьлла: **«Шен вешегара даьлла долу къа тIехтоьхнарг, – АллахIе тоба а дина, иза дохковаьлла долу, – и санна долу къа дарца АллахIа ша бале лаццалц лийр вац иза».** *Тирмизи.*

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) маьIна дина ***«Аль-КахIф»*** бохучу сурата чохь долчу аятан: **«ХIай тхоьга кхаьчна дакъазалла, хIокху тептаро хIун леладо,** (тхан къинойх) **жима дерг я доккха дерг дIа ца яздеш**

**дитина дац хIокхо».** Жима дерг – бусалба нахах цавешаш велакъежар ду, доккха дерг – гIадвахна велар ду. *Имам СуютIи.*

## ГIийбатан капарат дуьйцу дакъа

МужáхIида (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Ахь хьайн вешин** (гIийбат деш) **жижиг даарна капарат – иза хаставар, цунна дика доьхуш доIа дар а ду».**

Абу Робáхьан кIанта IатIóа (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла, гIийбат дарна дохко а ваьлла деш долчу тобанах лаьцна шега хаьттича: **«Хьайн накъост волчу вахана, ахь цуьнга эр ду: «Со харц хилла ас хьуна аьллачуьнца, ас зулам дина, къа а латийна. Хьан бакъо ю суна бекхам бан а, хьайна лаахь, суна къинтIеравала а».** *Ибн Аби Дунья.*

Дӣнáран кIанта Мáлика (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Iӣса-пайхамар а (Делера салам хуьлда цунна), цуьнан накъостий а (хьаварийюнаш) делла Iуьллуш долчу жIаьлина тIекхечира. Хьаварийюнаша элира: **«Ма боьха хьожа йогIу хIокху жIаьлех!»** Iӣса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) царна хьехам беш, гIийбат дар царна доьхкуш, элира: **«Ма кIайн цергаш ю цуьнан!»** *Абу НуIайм.*

Абу Суфратан кIантана МухIаллабна хезна, цхьана стага кхечунна гIийбат деш, цо тIаккха аьлла: **«ДIасаца, АллахIах дуй ма буу ас, боьхачу хьожанах дIацIанлур ма яц хьан бага!»**

Хьусайнан кIантана Iелина (Дала къинхетам бойла цунах) хезна цхьана стага гIийбат деш, цо тIаккха аьлла: **«ГIийбат дарх ларлуш хилалахь, нехан жIаьлин доьша ду иза».**

Муслиман кIантана Къутайбатна хезна, цхьана стага кхечунна гIийбат деш, цо цуьнга аьлла: **«АллахIах дуй буу ас, ахь цунна гIийбат дечу хенахь, чам баккхарца цуьнан жижиг ма Iаьвши ахь».**

Зáзáнан кIанта Мансура (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Сайн вешех цхьаъ сайна дуьхьалкхетча, цо сан доттагI бахьанехь со холча а ца хIоттийча, я суна тIехь гIийбат диначух лаьцна цо сайга ца дийцича, со чIогIа воккхавеш хуьлу. Со чIогIа холчохь хуьлу сайн накъост дIаваххалц, нахана лерца цо а, цуьнга ладоьгIуш волчу аса а къа латорна кхоьруш».**

## Оьзда доцу дош алар, боьха мотт лебар а сийсаза хилар

Абу IабдуллахIа дийцина, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) гIиллакхех лаьцна Iаишате (Дела реза хуьлда цунна) хаьттира ша, аьлла. Цо элира: **«Делан Элча кхиболчу нахал хаза гIиллакхаш долуш**

**вара. Оьзда воцуш я шен мотт оьзда боцуш вацара иза, пхьоьханашкахь гІовгІа еш вацара иза. Шена вуон болх бинчунна дуьхьал вуон болх беш вацара иза, бакъду, гечдеш, къинтІераволуш а вара иза».** *Бухари, Муслим.*

Іурвата дийцина, Іаишата (Дела реза хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **шена дина зулам бахьана долуш чІир йоькхуш гина вац суна цкъа а, нагахь АллахІан динан дозанаш хедош ца хиллехь. Амма АллахІан динан дозанаш хедош хилча, массарел чІогІа оьгІазвоьдуш вара иза. Шина балхах харжам байтина бац цуьнга цкъа а, цаьршиннах аттаниг цо хаьржина а бен, иза шегахь къа доцуш белахь».** *Бухари.*

ІабдуллахІа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стаг, Іиттарш еш, неІалташ кхайкхош, мотт оьзда боцуш а хир вац».** *Бухари.*

Майсаратан кІанта ИбрахІима аьлла: **«Оьзда воцуш, шен мотт оьзда боцуш а волу стаг къемат-дийнахь жІаьлин суьртахь я жІаьлин кийрахь хир ву, олуш дара».** *Ихьяъ.*

Абу Ума́мата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Оьзда боцу мотт бийцар, тІех говза мотт бийца гІертар а – мунепакъаллин балхах ши болх бу».**

Къайсан кІанта Ахьнафа (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Цамгарех йоккха цамгар йийца ас шуна: оьзда боцу мотт бу, сийсаза долу гІиллакх а ду».** *Ихьяъ.*

Самуратан кІанта Джа́бира (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, шен да шена хьалха а волуш, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уллохь хиъна Іаш вара ша, аьлла. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Баккъалла а, оьзда воцуш хилар, мотт оьзда боцуш хилар а – бусалба динах дац. Баккъалла а, бусалба динехь нисбелларш – гІиллакхаш хаза хилларш бу».** *Ахьмад.*

Іаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, цхьана стага пурба дийхира Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тІекхача. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Пурба ло цунна, ма вуочу тайпанан ваша ву иза».** Иза чувеъча, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) кІеда-мерза вистхилира цуьнга. Ас цуьнга хаьттира: **«Иза хІунда дира ахь?»** - аьлла. Цо элира: **«ХІай Іаишат, оьзда воцуш хилар, мотт оьзда боцуш хилар а дезаш вац АллахІ».**

### Харцлер хьарам хилар

IабдуллахIа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, харцлеро къинош дойту, баккъалла а, къинош даро жоьжахате вуьгу, баккъалла а, къонах харцлуьйш хуьлу, АллахIа шена гергахь *«Даима харцлуьйш верг»* аьлла, иза дIаязваллалц».** *Бухари.*

Муррат Аль-ХIамданис дийцина, IабдуллахI (Дела реза хуьлда цунна) олуш вара, аьлла: **«Харцлерах ларлолаш, баккъалла а, харцлеро жоьжахате вуьгу. Стага харцлер дуьтур ма дац, АллахIа шена гергахь *«Даима харцлуьйш верг»* аьлла, иза дIаязваллалц. ТIаккха цуьнан дог къиноша дIалоцур ма ду, цо деш долчу дикачу хIуманна оцу чохь саца меттиг ца буьтуш».** *Бухари.*

IабдуллахIа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Мунепакъ стеган кхо билгало ю: ша хабар дуьйцуш харцлуьйш хуьлу иза, ша бина барт бохабо цо, ша тешаме вича, ямарт хуьлу иза».** *Баззар.*

СаIдан кIанта МусIаба (Дела реза хуьлда цунна) дийцина шен дегара, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стаг кхоьллина шегахь массо а амал йолуш – ямартло а, харцлер а доцург».** *БайхIакъи.*

Абу Дардаа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ша хаьттира, аьлла: **«Бусалба стаг харцлуьйш хир вуй?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«АллахIах а, къемат-дийнах а тешаш ма вац, ша хабар дуьйцуш харцлуьйш верг».** *Канзуль-Iуммали.*

Абу Бакр Сыддикъа (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«ХIай нах, харцлерах ларлолаш, ийманах генавоккхуш хIума ду шуна иза».** *БайхIакъи.*

СаIдан кIанта Iубайда дийцина, Iаишата (Дела реза хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **асхьабашна харцлерал чIогIа цадезаш гIиллакх ма дацара. Баккъалла а, Делан Элчанна** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **шен асхьабех цхьаъ харцлийча хаалора. Цо дохко а ваьлла, АллахIе тоба даллалц, Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **дог паргIат ца долура».** *Ибн Аби Дунья.*

Ибн Iумара (Дела реза хуьлда цаьршинна) аьлла: **«Баккъалла а, стага пуьташ бутту, и бахьанехь къинхетаме малик цунна гена а долуш».** *Тирмизи.*

Абу ТIолибан кIанта Iелас (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«АллахIна гергахь уггар а доккха къа – харцлуьйш болу мотт бу, уггар а вуон дохковалар – къемат-дийнахь дохковалар ду».** *Ихьяъ.*

Хьасана (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Олуш дерг деш долчу хIуманна бIостанехьа хилар, къайлах дерг гуш долчунна бIостанехьа хилар а, чохь лелош дерг арахь лелош долчуьнца цхьаьнадогIуш цахилар а – уьш мунепакъаллех лоруш ду. Харцлер – мунепакъаллин бух бу».** *Ихьяъ.*

Анасан кIанта Ма́лика (Дала къинхетам бойла цунах) дийцина, Iабдул-Iази́зан кIанта Iумара (Дала къинхетам бойла цунах) элира, аьлла: **«Сайн духар айса-сайна тIедухучу хьоле со ваьлчахьана дуьйна, харцлийна вац со, харцлер шегахь долчунна зен хуьлий а хиъна суна».**

Са́битан кIанта Iадийс дийцина, ХаттIабан кIанта Iумара (Дела реза хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Тхаьшна гина боцчарех тхуна дукхабезнарш – шух хаза цIерш йолуш берш бу. Тхаьшна шу гича, тхуна дукхабезнарш – шух хаза гIиллакхаш дерш бу. Тхо шуьца къамеле девлча, тхуна дукхабезнарш – шух бакълуьйш берш, тешаме берш а бу».**

Муса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) хаьттира: **«ХIай сан Дела, Хьан лех дика Iамал еш верг мила ву?»** - аьлла. Дала элира: **«Шен матто харцдерг ца дуьйцуш, шен даго къа а ца латош, шен бехке меттиго зина а ца деш верг ву».**

МасIудан кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«АллахIна шен Iесалла гучуяьккхинарг – Цуьнан цIарца харц дуй биънарг санна ву. Харцлеро марха кхобучун марха а дохадо».**

**Бусалба динехь: жима пуьташ, боккха пуьташ бохург дац, ойлае!**

Каси́ран кIанта Iи́сас элира: «МахIра́нан кIантаца Маймунаца вахара со цуьнан хIусаман неIаре кхаччалц, цуьнца цхьаьна цуьнан кIант Iамр а волуш. Суна вухаверза дагадеъча, Iамра элира шен дега: **«ХIай сан хьоме да, суьйранна дууш долу пхьор ца ло ахь цунна?»** Маймуна элира: **«Сан ниййат хилла дац оцу тIехь».**

Ди́на́ран кIанта Ма́лика (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Бакъо, харцо а даг чохь вовшахлеташ ю, цаьршиннах цхьамма важа араяккхалц».** *Абу НуIайм.*

Майсаратан кIанта Язи́да аьлла: **«Харцо – массо а вуочу хIуманна хи малош ю, догIано диттан орамашна хи маладарх терра».**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Схьадола, хIара лур ю ас хьуна, бере аьллачунна, тIаккха цо цунна хIумма а ца луш, – харцлерна къа яздийр ду».** *Ахьмад.*

Саламатан кIанта Iабдуррохьмана аьлла: **«Со бусалба хиллачул тIаьхьа цкъа а пуьташ боьттина бац ас, бакъду, цхьана стага юучу хIумане со кхайкхича, иза яа дог дац сан – олу ас, къа хила герга ма ду иза а».**

IабдуллахIан кIанта ИсмаIи́ла дийцина: **«Марва́нан кIанта Iабдул-Ма́лика омра дира соьга, шен бераш харцонна генадаха, цуьнгахь веран хьукма делахь а»**, – аьлла. *Ибн Касийр.*

Iубайдан кIанта Юнуса аьлла: **«Муьлхха ледарло цхьана дийнахь йита тарлуш ю, харцлуьйш волчун пуьташ боцург».**

Хавва́т Аттаймийис дийцина, Хайсаман кIентан Раби́Iан йиша шен кIант волчу хьажахIотта еара, аьлла. Иза мара а воьллина, цо элира: **«Хьо муха ву, хIай сан жима кIант?»** Раби́Iас, охьа а хиъна, цуьнга хаьттира: **«Ахь вакхийнера иза?»** Цо жоп делира: **«ХIан-хIа».** Раби́Iас элира тIаккха**: «ХIай сан вешин кIант», - хIунда ца олу ахь, бакълуьйш хир яра хьо тIаккха».**

АIмаша дийцина, ша ИбрахIимна (Дала къинхетам бойла цунах) Масрукъах долу Абу Дзухьан хьадис далийра, аьлла: **«Нахана юккъехь барт бечохь пуьташ боттар магош дара?»** ИбрахIима элира: **«Бакъдолчунна а, я забаренна а пуьташ ботта магош дацара цара».**

Iакъабатан йоIа Умму-Кулсума дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Харцлуьйш вац нахана юккъехь маслаIат деш верг, диканиг олуш, диканиг деба а деш».** *Муслим.*

ШихIа́бан кIанта аьлла: **«Хабарх пуьташ иэбан магийна ду, аьлла, хезна дац суна, кхаа меттигехь бен: тIамехь; нахана юккъехь маслаIат дарехь; стага шен зудчуьнга дагара дийцарехь, зудчо шен хIусамдега дагара дийцарехь а».**

Iабдан кIанта Iавнас элира: «Сан дас сайна тIе дуьйхинчу духарца аравелира со, сан накъосташа соьга хаьттира тIаккха: **«ХIара духар паччахьо дуьйхиний хьуна тIе?»** Суна лиира паччахьо суна тIе и духар дуьйхина царна моттийта, ас элира: **«АллахIа диканца бекхам бойла паччахьна, АллахIа ялсаманин духар а духийла цунна тIе».** Ас сайн дега дийцира иза, цо соьга тIаккха элира: **«ХIай сан жима кIант, пуьташ маботталахь, пуьташ буттучарех тар ма лолахь».**

Хьасана (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Лукъмана шен кIанте элира, аьлла: **«Харцлерах ларлолахь, хьозанан жижиг санна, чам болуш ду хьуна иза, ша деттинчунна кIезиг долчо а кхачам беш».** *«Ихьъяъ».*

Муба́ракан кIанта аьлла: **«Харцлийначунна уггар хьалха хуьлуш долу Iазап – цуьнан бакълер къобал цадар ду».** Цул тIаьхьа ша олуш долчуьнгахь мел бакълуьйш велахь а, иза бакъвийр вац. Делан Элчано а (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) харцлуьйш волчун тоьшалла духатоьхна.

Масру́къа (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«АллахIна гергахь харцлер санна доккха къа долуш хIумма а дац».**

МуIа́виятан кIанта Ия́са (Дала къинхетам бойла цунах) элира: **«Къонахоша бечу белхийн таллам бира ас, царех сий долуш берш – бакълуьйш карийра суна. Харцдерг дийцар дезаш ма вац со, АллахI воцчунна иза хуур доцуш делахь а».**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIай ийман диллинарш, АллахIах кхоьруш хила шу, бакълуьйчарца а хила шу».**

ХIай АллахI, тхаьш олучу дашехь, дечу хIуманехь а тхо бакълуьйш хилийтар доьху оха Хьоьга!

## Юьхь-дуьхьал стаг хаставаран сийсазалла

Абу Бакратан кIанта Iабдуррохьмана (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уллохь цхьана стага юьхь-дуьхьал стаг хастийра, аьлла. ТIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: **«Дакъаза ма вала хьо, хьайн накъостан ворта хадий-кх ахь».** Цул тIаьхьа цо элира: **«Цаваьллачу денна аш цхьамма шен ваша хаставахь, иза иштта ву аьлла шена хетахь, цо олийла: хьанех ишта-ишта хета суна, АллахIна хьалха цхьа а цIан ца во ас, АллахIехь ду цуьнан хьесап дар».** *Бухари.*

Асвадан кIанта Микъда́да (Дела реза хуьлда цунна) элира: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **тхоьга омра дира, юьхь-дуьхьал адамаш хестош берш тхуна гича, тхоьга церан яххьаш тIе латта тоха, аьлла».** *Муслим.*

МаIдинан кIанта Халида (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Нахана юккъехь имам я кхин стаг цуьнгахь доцчуьнца хастийнарг, къемат-дийнахь АллахIа гIаттор ву, шен мотт дIабихкина а болуш».** *«Ихьъяъ».*

ХаттIабан кIентан Iумаран (Дела реза хуьлда цунна) гIуллакххо волчу Аслама аьлла: **«Стаг хаставар – цунна урс хьакхар санна ду».** *«Ихьъяъ».*

Хьасана (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Зуламхо маьрша витар доьхуш доIа динарг, баккъалла а, АллахIна Iеса хилар дезнарг ву».**

МунаббихIан кIанта ВахIба (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Хьоьгахь доцчу хIуманца наха хьо хестош велахь, тешам бац хьуна хьоьгахь доцчу хIуманца цара хьо сийсазварх а».**

Хьасана (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, цхьана стага Iумар (Дела реза хуьлда цунна) хастийра, аьлла. ТIаккха Iумара (Дела реза хуьлда цунна) элира: **«Со хIаллакван гIерта хьо, хьайн дегI хIаллакдина ца Iаш?!»** *«Ихьъяъ».*

Цхьана стага Iела (Дела реза хуьлда цунна) юьхь-дуьхьал хастийра, ткъа иза шена тIаьхьашха луьйш хилар хууш дара Iелина. Iелас (Дела реза хуьлда цунна) цуьнга юьхь-дуьхьал элира: **«Со ахь олуш долчул лахара ву хьуна, хьан дагахь долчул лакхара а ву хьуна».** *«Ихьъяъ».*

Си́ри́нан кIанта Мухьаммада (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Ахь хьайн вешина тIаьхьашха цуьнгахь долу, цунна дезалуш доцу хIума аьлча, иза гIийбат ду. Цуьнгахь доцург ахь аьлча, иза цунна тIехь харцо кхоллар ду. Ахь хьайн вешина зулам дар ду – цуьнан диканаш диццина, хьайна цунах хууш долчу ирча хIуманца ахь иза хьахавар».**

## Хьомсара вежарий!

Веза-Сийлахьчу Дала Шен Сийлахьчу Къуръана чохь вайна дуьйцу Ша сийсаздинчу, жоьжахати шайн боьрзу меттиг йолчу къаьмнийн хьелаш, АллахIа лардойла вай царех. АллахIа шайга динчу омранна жоп ца делира цара, бIаьрзе а, къора а хилла хьайбанех тарбелира уьш, бакъду, кхин чIогIа тилла бара уьш. АллахIа хастийна кхиболу нах (Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабех шаьш хилла болу), АллахIа шайга омра динчу хенахь цара аьлла дела: **«Тхо хезаш ду, тхо муьтIахь а ду»,** Веза-Сийлахьчу АллахIна муьтIахь хиларе уьш сихо еш хилла дела.

**ХIай сан лераме ваша**, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) еанчу нийсонна тIехь хила хьо, цуьнан дахарх а, сийлахь долчу гIиллакхех а масал оьцуш, Веза-Сийлахь волу АллахI оьгIаз воьдучу хIуманах хьайн бIаьрса, хазар а лардийр ду ахь тIаккха. Нехан сий дайарх ларло хьо, хьайн вешин сакхте хьой хьаьжча, хьайн шина бIаьрге ала ахь: «Сан цхьа бIаьрг бен бац, нехан дуккха а бIаьргаш бу». ЖехIил стага хьайна халахетар дича, АллахIера хьайна ял хиларх догтешна хила хьо, Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«Хьан Дела Шен лешна зулам деш ма вац».**

ТIаьххьарлера вайн кхайкхам – Iаламаш кхобуш, кхиош а волчу АллахIна хастам бар ду.

ШолгIа издани
(хьалха арахецна 2010-чу шарахь).
Жайна тIедуьзна а, тодина а ду.
ХIоттийнарг – Солихьан кIант Абу Хьузайфа Iамр.
Жайна гочдинарг – Магамедов Рахьманан Сулиман.
Рецензенташ – А.С. Шахидов, М-Э.Р. Эдихаджиев, А.Б. Алиев.
Редактор – А.А. Гайтукаев.
Верстка, дизайн – С-М.М. Тасуев.